



PWOSE VÈBAL OFISYÈL KOMITE BOSTON SCHOOL LA GWOUP ENTÈVANSYON EGZAMEN ADMISYON LEKÒL YO

23 Fevriye 2021

Gwoup Entèvansyon Egzamen Admisyon Lekòl Komite Boston School te fè yon reyinyon adistans sou Zoom nan dat ki te 23 Fevriye 2021 a 5:30 p.m. Pou plis enfòmasyon konsènan tout eleman ki nan lis anba, vizite <https://www.bostonpublicschools.org/esataskforce>, imel feedback@bostonpublicschools.org oubyen rele Biwo Komite Boston School nan (617) 635-9014.

PREZANS

Manm Gwoup Entèvansyon Egzamen Admisyon Lekòl yo ki prezan: Co-Chair Michael Contompasis; Co-Chair Tanisha Sullivan; Matt Cregor; Katherine Grassa; Zena Lum; Danyael Morales; Zoe Nagasawa; Rachel Skerritt; ak Rosann Tung.

Manb Gwoup Entèvansyon k ap Jere Egzamen Admisyon Lekòl yo ki te Prezan: Samuel Acevedo; Acacia Aguirre; Tanya Freeman-Wisdom; ak Tamara Waite.

Pèsonèl BPS ki prezan: Monica Roberts, Direktris Elèv yo, Avansman Fanmi ak Kominote; ak Monica Hogan, Direktris Egzekitif Prensipal Biwo Done ak Responsablite.

DOKIMAN YO TE PREZANTE

Agenda

Chaj Gwoup Entèvansyon Sou Egzamen Admisyon Lekòl yo ak Mosyon Adezyon, 27 Janvyè 2021

Kritè Egzamen Admisyon nan Lekòl BPS yo sou PowerPoint, 23 Fevriye 2021

OUVÈTI SEYANS LAN

Mesye Contompasis te konvoke reyinyon an epi te ouvri epi te akeyi manm Gwoup Entèvansyon yo, menm jan ak Monica Hogan, Direktris Elèv yo, Avansman Fanmi ak Kominote; ak Monica Hogan, Direktris Egzekitif Prensipal Biwo Done ak Responsablite ki pral soutni Gwoup Entèvansyon an.

Madam Parvex te fè apèl telefonik lan. Tout manm yo te prezan, eksepte Samuel Acevedo, Acacia Aguirre; Tanya Freeman-Wisdom; ak Tamara Waite. Madam Nagasawa ak Mesye Cregor te entegre reyinyon an mwens pase yon minit aprè apèl la.

Mesye Contompasis te prezante prezidan Komite Boston School la, Alexandra Oliver-Dávila ak Vis Prezidan Michael O’Neill epi te envite yo pou di kèk mo byenvini.

Madam Oliver-Dávila te remèsye manm yo pou tan yo ak travay enpòtan pa yo. Li te akòz kontribisyon kominote a, nouvo manm yo te ajoute oframezi Gwoup Travay la ap elve nan ran Gwoup Entèvansyon an: de elèv, yon paran senkyèm ane, ak yon chèchè. Madam Oliver-Dávila te li awotvwa chaj Gwoup Entèvansyon an jan sa te apwouve pa Komite Lekòl la 27 Janvye 2021.

Mesye O’Neill te remèsye manm yo. Li te soulinye egalman enpòtans gwoup la paske yo se reprezantan ki soti nan tout kominote a. Li te pale sou diferans ant yon gwoup travay ak yon gwoup entèvansyon

Madam Sullivan te remèsye Prezidan ak Vis Prezidan epi te mande ak chak manm yo pou prezante tèt tèt yo ak piblik la epi deklare lyen yo avèk BPS.

- Mesye Cregor, avoka nan Komite Konseye Jiridik Sante Mantal yo, paran elèv BPS yo, ak avoka nan edikasyon
- Madam Crassa, Direktè Curley K-8 School, rezidan Dorchester, ansyen elèv Boston Latin Academy (Boston Latin Academy, BLA)
- Madam Lum, rezidan South End, ansyen anplwaye BPS, kolektè fon pou Boston Latin Academy Association, ak Paran yon elèv BLA
- Danyael Morales; elèv BPS, manm Konsèy Konsiltasyon Elèv Boston ak Ekip Ekite (Boston Student Advisory Council)
- Zoe Nagasawa, direktè, Boston Latin School
- Rachel Skerritt, Direktè Lekòl ak ansyen elèv, Boston Latin School
- Rosann Tung, rezidan Boston, paran ansyen elèv BPS, chèchè nan BPS ak egalite.
- Ko-Prezidan, Michael Contompasis, ansyen direktè Boston Latin School, ak ansyen Sirentandan BPS.
- Ko-Prezidan Tanisha Sullivan, rezidan Hyde Park, Prezidan NAACP Boston ak ansyen BPS Chief Equity Officer

Madam Sullivan te prezante Monica Roberts, Direktris Elèv yo, Avansman Fanmi ak Kominote ak diplome BPS; ak Monica Hogan, Direktris Egzekitif Prensipal Biwo Done ak Responsablite.

Madam Sullivan te prezante avan pwojè akò travay Gwoup Entèvansyon an. Madam Contompasis te soulinye yon pwen enpòtan se te pou manm yo konsyan de medya yo ak laprès.

Madam Sullivan te akeyi yon mosyon apwobasyon akò travay la epi li te apwouve pa konsantman inanim.

Madam Sullivan te prezante kalandriye pwosesis la epi te defini estrikti reyinyon yo. Li te di Gwoup Entèvansyon an vle pou asire li yo tande elèv yo, paran yo, fanmi yo, ak lòt pati prenan

kominote a epi pral planifye egalman divès seyans ekout kominotè anplis de divès reyinyon regilye ki pwograme yo. Nan mwa Mas, Gwoup Entèvansyon an pral aprann sou modèl antre lekòl yo nan lòt distri yo epi konprann egalman lansman ak mizannèv politik aktyèl la. An Avril, Gwoup Entèvansyon an pral kòmanse fòmile kritè admisyon yo epi redije rekòmandasyon yo sou fòm avan pwojè epi pral fè divès seyans kominotè adisyonèl pou fidbak. An Me, Gwoup Entèvansyon an pral itilize fidbak yo avan yo prepare rekòmandasyon politik final yo pou soumèt yo ak Komite Lekòl la pou fè konsiderasyon.

Mesye Contompasis te pale sou enpòtans kominote a pou tande seyans yo. Li te sigjere ke, si orè yo pèmèt sa, Gwoup Entèvansyon an dwe rankontre madi apati de 5-7 p.m. Kòmanse aprè vakans Avril la, Gwoup Entèvansyon an pral rankontre de fwa pa semèn. Premye seyans lan pral rive fèt samdi, 13 Mas.

Gen kèk manm ki te diskite divès konfli orè potansyèl; manm yo te dakò fè sa yo te pi kapab pou patisipe. Madam Tung te mande si manm yo te kapab wè yon anrejistremant si yo te rate yon reyinyon epi si te genyen yon lis difizyon. Madam Sullivan te esplike sa akòz de Lwa Ouvèti Reyinyon an, pa t genyen okenn lis difizyon men tout manm yo ak piblik la an jeneral te kapab aksede ak reyinyon yo.

KOMANTÈ PIBLIK LA AN JENERAL

- Sharon Hinton, paran BPS ak rezidan Hyde Park, te temwanyen konsènan kalite edikasyon an nan BPS.

KOMANTÈ POU METE FEN

Mesye Contompasis te rekonèt, an repons ak Madam Hinton ke pandan pwochèn reyinyon yo, gwoup travay la pral asire entèpretasyon lengwistik.

Madam Sullivan te envite manm yo pou ofri komantè ak kesyon final.

Madam Lum te mande kòman yo te kapab asire yo ke kominote a ak seyans ekout la ta rive kominike lajanman ak kominote a epi Madam Sullivan te enfòm li avèk swen sou patisipasyon piblik la nan lòt reyinyon Gwoup Entèvansyon yo. Madam Roberts te di li t'ap travay avèk Ekip Kominikasyon yo pou asire yo ke yo te transmèt kominikasyon ak fanmi yo e ak patnè kominotè yo. Li te ajoute tou ke Gwoup Entèvansyon sa t'ap pwobableman jwenn plis patisipasyon pase lòt Gwoup Entèvansyon yo.

Madam Contompasis te ankouraje otan sansibilizasyon posib.

Pandan yo t'ap prepare pou konkli, Madam Sullivan te remake ke pwosesis sa t'ap mande travay di epi te di li vle manm yo santi yo konfòtab pou angaje yo nan dyalog. Li te envite manm yo ekspriye pansè final yo. Tout manm yo te ekspriye antouzyasm yo ak kijan yo t'ap ret tann avèk enpasyans pou travay ansanm sou Gwoup Entèvansyon an, fè sa ki pi bon pou elèv Vil Boston an. Madam Roberts te reyitere li ak Madam Hogan te angaje li pou soutni Gwoup Entèvansyon an.

Reyinyon Adistans Gwoup Entèvansyon k ap Travay sou Egzamen Admisyon nan Lekòl yo.
Zoom
23 Fevriye 2021

Madam Contompasis te remèsye tout manm yo pou benevola yo.

SINE

Nan anviwon 6:20 p.m., Komite a te vote a inanimite, pa yon apèl telefonik, pou repòte seyans lan.

Ateste:

Lena Parvex
Asistan Administratif